



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 63 MILYON DOLA ANDISYONÈL POU RANFÒSE
PEMAN ASISTANS ENÈJI NAN KAY**

***New York te resevwa plis pase 412 milyon dola nan finansman federal pou HEAP
sezon fredy sa a***

***Ogmantasyon Asistans Chofaj nan Kay nan 30 a 56 pousan anplis ivè pase a pou
kay ki elijib yo***

***Maksimòm 1,126 dola disponib kounye a pou ede Nouyòkè ki elijib yo kouvri
depans chofaj kay yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te resevwa yon lòt 63 milyon dola nan finansman federal ke yo pral itilize pou ogmante asistans debaz pou chofaj kay fanmi ki elijib yo pral resevwa. Avèk finansman adisyonèl la, pwopriyete kay ak lokatè ki elijib yo ka resevwa jiska 1,126 dola nan Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) la pou ede kenbe kay yo cho pandan sezon fredy a pou fè fas ak depans enèji ki pi wo. New York te resevwa plis pase 412 milyon dola nan finansman federal pou HEAP sezon fredy sa a, kont 387 milyon dola ane pase.

"Pandan tanperati a bese sezon fredy a, administrasyon mwen an pran angajman pou asire tout Nouyòkè yo kapab chofe kay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè finansman federal sa a, nou ka ede plis fanmi kouvri depans enèji yo epi yo toujou gen lajan pou peye pou lòt bezwen nan kay la, tankou manje ak medikaman. Pandan Nouyòkè yo fè fas ak pri enèji ki pi wo, sa a se yon resous enpòtan pou fanmi yo pou asire ke kay yo an sekirite ak chofe pandan sezon fredy a."

HEAP, ki sou sipèvizyon Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), se sistèm federal la ki finance li. Nivo benefis ki pi wo yo te anvigè nan dat 11 desanm 2022. Fanmi ki elijib yo ka resevwa yon avantaj HEAP regilye pou chak sezon ak yon maksimòm 1,126 dola, selon revni yo, kantite moun ki nan kay la, fason yo chofe kay yo ak si kay la gen ladan yon manm fanmi ki vilnerab. Anvan sa, avantaj maksimòm lan te 976 dola.

Valè [Avantaj HEAP Regilye yo](#) te deja ogmante pandan sezon ivè ki sot pase a soti nan 14 a 33 pousan, tou depann fason kay la ap chofe. Finansman adisyonèl sa a ranfòse ogmantasyon sa yo ant 30 ak 56 pousan sou ane pase.

Kay ki chofe ak mazout, kewozèn, oswa pwopan pral kounye a resevwa yon peman de baz ki se 1,050 dola, kont 675 dola ane pase; sila yo ki chofe ak bwa, bwa granile, chabon, oswa mayi, pral resevwa 685 dola, kont 525 dola ane pase; ak moun ki chofe ak elektrisite oswa gaz natirèl pral resevwa 500 dola, kont 350 dola ane pase.

Kay ki te resevwa yon benefis HEAP regilye anvan montan ki pi wo yo te antre an vigè pral resevwa yon avantaj siplemantè pou fè diferans lan. Yo prevwa ke peman siplemantè sa yo pral bay apati kòmansman ane 2023. Menm jan ak tout peman HEAP yo, benefis yo bay dirèkteman ak founisè chofaj kay la.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Pwogram Asistans Enèji nan Kay la espesyalman enpòtan pou ede kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo kenbe kay yo cho pandan sezon ivè a. Nenpòt moun ki panse ke yo ka elijib ta dwe aplike pi vit posib pou yo ka kontinye chofe kay yo pandan tanperati ki pi frèt yo ap monte."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Ak sezon ivè a ki prèske rive sou nou, plis Ameriken pral lite ak fado ogmantasyon pri enèji nan kay yo. Mwen te fè anpil presyon pou m bay finansman federal pou HEAP epi mwen rekonesan dèske m te jwenn dola enpòtan sa yo pou moun ak fanmi yo nan rejyon kapital nou an ak nan nasyon an. Mwen pral kontinye fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou bay soulajman Nouyòkè yo bezwen epi asire ke chak fanmi kapab peye bòdwo enèji lakay yo nan sezon fredy a."

Administrasyon Enfòmasyon sou Enèji Etazini (U.S. Energy Information Administration) an prevwa pri kabiran pou chofaj ki siyifikativman pi wo sezon fredy sa a, epi Administrasyon Oseyanik ak Atmofesrik Nasyonal (National Oceanic and Atmospheric Administration) la prevwa tanperati ki yon ti kras pi frèt pou Eta New York, ki montre enpòtans finansman adisyonèl sa a pou HEAP.

Yo aksepte aplikasyon pou asistans yo nan [depatman lokal sèvis sosyal yo](#) an pèsòn oswa pa telefòn, epi y'ap bay finansman sou baz yo ap sèvi moun ki vini anvan yo an premye. Rezidan andeyò Vil New York yo ka [aplike sou entènèt](#) tou pou avantaj HEAP Regilye yo. Rezidan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon epi jwenn enfòmasyon sou pwogram lan [isit la](#).

Nouyòkè ki deja resevwa yon avantaj HEAP Regilye epi ki kontinye bay reta nan bòdwo sèvis piblik yo oswa ki pa gen ase gaz pou chofaj ka kalifye tou pou yon avantaj HEAP Ijans pou yon sèl fwa. Yo pral aksepte aplikasyon pou avantaj Ijan yo apati 3 janvyè 2023.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418